

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa teu leupas tina basa. Basa mangrupa alat anu kacida pentingna pikeun manusa dina ngayakeun hubungan jeung sasama. Éta sababna basa mibanda fungsi utama salaku alat komunikasi. Saperti nu ditétélakeun ku Sudaryat (2004, kc. 6) yén basa téh nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi. Ari komunikasi téh dipaké dina rupa-rupa aspék kahirupan, kaasup dina pangajaran.

Dina prosés pangajaran, basa mangrupa pakakas pikeun ngatik jeung ngadidik siswa. Sagala élmu pangaweruh anu ditepikeun ku guru ka siswa ngagunakeun basa. Aya opat kaparigelan basa, salah sahijina nya éta nulis. Nulis miboga sipat anu produktif, hartina kagiatan ngahasilkeun hiji karya. Dina KUBS (2007, kc. 498), nulis nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina. Jadi, nulis téh mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu ngagunakeun lambang tulisan (aksara) atawa angka pikeun ngahasilkeun hiji karya.

Ari tulisan téh dina jaman kiwari mah kalintang pentingna. Ampir dina rupa-rupa aspék kahirupan teu bisa leupas tina kaparigelan nulis. Ku kituna, siswa kudu bisa atawa parigel nulis, salah sahijina dina pangajaran nulis wawaran.

Pangajaran nulis wawaran penting pikeun ngalatih siswa dina nataharkeun diri nalika hirup kumbuh di lingkungan masarakat. Lian ti pikeun komunikasi jeung jalma sején, nulis wawaran ogé bisa mantuan siswa dina diajar nepikeun informasi kalayan bener. Pangajaran nulis di sakola-sakola miboga tujuan sangkan siswa miboga pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep anu hadé ngeunaan pangajaran nulis, hususna dina nulis wawaran. Ku kituna, unggal siswa kudu miboga karep nu gedé pikeun bisa diajar nulis. Sabab, dina kahirupan modérn, nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu pohara dibutuhkeunna. Nulis ogé

kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa mantuan siswa dina prosés mikir (Tarigan, 2008, kc. 22).

Loba hal anu kudu diperhatikeun dina nulis, salah sahijina nya éta éjahan. Nurutkeun Sudaryat (dina Fauziah, 2013, kc. 25), éjahan mangrupa aturan atawa palanggeran nuliskeun lambang-lambang sora basa ku aksara. Dina Palanggeran Éjahan Basa Sunda anu disusun ku Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (2014, kc. vii), éjahan téh ngawengku makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, cara nulis unsur serepan, jeung tanda baca.

Éjahan kacida pentingna dina nulis, kitu deui dina nulis wawaran, lantaran lamun salah ngalarapkeun éjahan bisa ngabalukarkeun béda harti antara maksud nu nulis jeung nu macana. Ku kituna, kaédah éjahan perlu dikawasa ku nu nulis, kaasup ku siswa nu keur diajar basa Sunda.

Siswa jaman kiwari leuwih reueus ngagunakeun basa deungeun tinimbang basa daérahna sorangan, dina ieu hal basa Sunda. Siswa nganggap yén basa Sunda téh basa kampung anu ukur digunakeun ku panyatur anu di kampung. Kitu ogé dina pangajaran basa Sunda, basa Sunda geus dianggap teu penting, lantaran di jaman saperti kieu pakakas-pakakas téhnologi henteu ngagunakeun basa daérah tapi basa Inggris. Nu matak, unggal aya pangajaran basa Sunda barudak téh haré-haré kana éta pangajaran anu ditepikeun ku guru.

Salian ti éta, basa panganteur anu digunakeun dina pangajaran basa Sunda di Kota Bandung téh umumna maké dua basa, nya éta basa Indonésia jeung basa Sunda. Basa anu digunakeun biasana basa campuran antara basa Sunda jeung basa Indonésia anu ahirna éta basa jadi basa kamalayan.

Masalah-masalah anu geus dipedar di luhur ngabalukarkeun siswa teu wanoh kana kaédah éjahan basa Sunda anu hadé tur merenah. Ku kituna, panalungtik ngarasa perlu nalungtik ieu pasualan ku sabab kasalahan makéna éjahan bisa ngabalukarkeun kasalahan anu hésé dioméan. Saacan éta kasalahan téh diropéa, tinangtu siswa kudu nyaho kana tingkat kamampuh jeung kasalahanana dina ngalarapkeun éjahan. Tangtu waé pikeun mikanyaho kamampuh siswa téh perlu diayakeun panalungtikan.

Aya sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan analisis kasalahan éjahan dina prosés diajar-ngajar, di antarana waé, (1) “Analisis Éjahan dina Kumpulan Carita Pondok Dongéng Énténg ti Pasantren pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Lia Marlia, 2000); (2) “Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa kelas III SMU Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2004/2005” (Rita Rosita, 2000); (3) “Analisis Kasalahan Éjahan dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Ciwidey Kabupaten Bandung” (Resti Kirana Pujaningrat, 2009); (4) “Kamampuh Ngalarapkeun Ejaan dina Karangan Eksposisi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 3 Bandung” (Yopa Galih Triyani, 2009); (5) “Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas XII MAN Jonggol Taun Ajaran 2012/2013” (Sylvi Fauziah, 2013); (6) “Kasalahan Éjahan Dina Nulis Warta Siswa Kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014” (Ida Jubaedah, 2014).

Dumasar kana naon nu geus dipedar di luhur sarta nilik kana sababaraha panalungtikan nu geus ditalungtik, ieu panalungtikan ogé nalungtik ngeunaan analisis kasalahan éjahan dina prosés diajar-ngajar, nya éta nalungtik ngeunaan kamampuh ngalarapkeun éjahan nu aya dina tulisan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Bédana jeung panalungtikan anu saméméhna nya éta dina ieu panalungtikan mah ditalungtik oge faktor panyabab kasalahan ngalarapkeun éjahan sarta obyék anu ditalungtikna nya éta wawaran sarta siswa nu ditalungtikna nya éta kelas VII, lantaran saluyu jeung SKKD KTSP 2006 (2007, kc. 71) ngeunaan materi pangajaran anu aya dina KD 7.2.1 anu unina “*Menyampaikan pengumuman* (wawaran)”. Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan nu dijudulan “Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan dina Nulis Wawaran Siswa Kelas VII SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan, baris dipedar saperti ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dina ngalarapkeun éjahan, loba pisan hal anu bisa dipaluruh jeung dipedar. Ieu panalungtikan medar ngeunaan kamampuh sarta kasalahan dina ngalarapkeun éjahan, nya éta makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung makéna tanda baca, sarta panyabab kasalahan ngalarapkeun éjahan dina wawaran anu ditulis ku siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016?
- b. Kasalahan éjahan naon waé nu kapanggih dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016?
- c. Faktor naon nu mangaruhan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan, ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran objéktif ngeunaan kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016;

- b. kasalahan-kasalahan éjahan nu kapanggih dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016; jeung
- c. faktor nu mangaruhan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan éjahan basa Sunda anu luyu jeung kaédah palanggaran éjahan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana sababaraha pihak ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep bisa ngeuyeuban deui élmu kabasaanana.
- b. Pikeun guru, dipiharep ieu panalungtikan boga mangpaat sangkan:
 - 1) mikanyaho kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016;
 - 2) mikanyaho rupa-rupa kasalahan éjahan dina karangan wawaran nu dilakukeun ku siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016; jeung
 - 3) bisa nangtukeun léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun dina ngalatih siswa ngagunakeun kaédah éjahan basa Sunda hususna dina pangajaran aspék nulis.
- c. Pikeun siswa, dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh dina nulis wawaran sarta méré gambaran ka siswa ngeunaan tipe kasalahan éjahan basa Sunda nu bener, nu luyu jeung kaédah katatabasaan basa Sunda.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan tiori éjahan jeung nulis wawaran, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtikan.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Ari subbab rékoméndasi ditepikeun ku nu nulis ka nu maca sangkan ieu skripsi méré mangpaat pikeun ka hareupna.